



Olga Hugelmeyer, Ed.D.  
Sipèntandan Lekòl yo

Jerika Fernandez  
Direktris Lekòl la

August 2024

Chè Paran/Gadyen ak Elèv Joseph Battin School No. 4,

Se avèk anpil fyète, ak anpil plezi mwen ekri ou lèt sa a kòm nouvo Direktè Joseph Battin School No. 4. ki se yon yon eritaj rich nan siksè ak fyète. Mwen dedye karyè mwen bay etidyan Elizabeth yo pandan dis dènye ane yo. Mwen te kòmanse karyè mwen kòm yon pwofesè nan klas Elemantè anvan mwen te fè tranzisyon nan yon pozisyon nan klas presegondè. Mwen te travay nan Biwo Santral kòm yon Kowòdonatè Devlopman Anplwaye nan ane 2022, epi mwen te Asistan Direktè Lekòl No. 4 nan lane 2023. Mwen espere anpil pou nou travay ansanm nan ane k ap vini yo.

Nou menm, tout estaf, nan Lekòl **Joseph Battin School No. 4**, nou onore epi nou kontan anpil pou akeyi tout elèv ak manm fanmi nou yo nan ane lekòl 2024-2025 k ap kòmanse vandredi 6 Septanm! Pwomès nou se bay chak timoun yon anviwònman kote yo kapab devlope kapasite kreyativ epi reyalize ekselans. Nou kwè chak elèv kapab, epi pral aprann nan nivo ki pi bon pou rive jwenn pi gwo potansyèl edikasyonèl nan yon anviwonman ki gen sekirite, solid, ak bon jan akèy.

Chak ane nou fè anpil efò pou nou kenbe yon patenarya ki pi solid ant kominote lakay ak lekòl la. Patisipasyon paran nan yon ti koze, pran yon ti kafe, oswa rantre nan PTO a, se kèk nan fason manm fanmi an ka angaje pi plis nan kominote lekòl la, epi an menm tan rete konekte.

Tanpri pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an, ak lyen Retounen Lekòl la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou rantre lekòl la. Nan paj ki pi ba a, nou tou ba ou anpil nan enfòmasyon ki deja sou sit entènèt distri a pou ou kapab gade epi revize kounye a.

**PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDI POU RANTRE AK RANVWAYE LEKÒL**

***Ane lekòl 2024-2025 la, ap kòmanse vandredi 6 septanm 2024. Enstriksyon ap fèt nan lè 8:20 a.m. pou rive 3:00 p.m. Nan lide pou ede fasilite bon jan tranzisyon ak lòd pandan tan lekòl ap rantre ou byen ap ranvwaye, nou mande ou tanpri respekte pwosedi sekirite sa yo:***

**Batiman Prensipal sou Union Ave.**

**Joseph Battin School No. 4**



N ap fè w konnen ap genyen manm estaf deyò a, pou ede tout moun pandan premye semèn lekòl la.

**RANTRE:**

**Pre-K:**

Elèv yo prale dirèkteman nan TCU. Si elèv la anreta, (after 8:35) li dwe rantr nan pòt prensipal la.

**Elèv Klas 2-5:**

Elèv ki vini nan otobis ap itilize **antre prensipal la**, tyeke nan pòs sekirite a, apre sa rantr aliyen nan sal « multipurpose » kote gen siy ak non pwofesè epi nimewo klas elèv yo.

**Elèv paran depoze** ap rantr nan dezyèm pòt antre sou devan, tyeke nan pòs sekirite epi ale nan zòn ki deziyen pou klas li, nan sal “Multipurpose” la.

**Elèv Klas 6-8:**

Tout elèv klas 6-8 Ane ap rantr nan barye agoch dezyèm pòt sou devan. Pwofesè yo ap kenbe siy avèk non epi nimewo klas yo. Elèv yo dwe aliye dapre nimewo klas yo. Pwofesè ak elèv ap rantr nan dezyèm pòt devan an, pase bò kote sekirite epi rantr nan klas yo.

**Tout elèv** ki vini lekòl apre 8:35 a.m. dwe pase nan rantr prensipal la pou yo kapab make yo anreta.

**RANVWA:**

Elèv ki vini nan otobis ap rankontre nan sal ki deziyen pou tann otobis epi y ap tann lè yo rele yo pou ale nan otobis la.

Tout lòt elèv paran ap vin cheche ap rete tann nan dezyèm antre kote yo rantr nan maten an.

**Battin Annex (K-1) ki nan 840 North Broad St.**

**RANTRE:**

Tout elèv, paran depoze oubyen ki vini nan otobis dwe itilize rantr prensipal batiman an.

**RANVWA:**

Tout elèv ki vin lekòl nan Otobis ap rankontre nan gym nan kote y ap tann yo rele nimewo otobis yo.

Elèv paran ap vin cheche dwe rete tann nan Kafeterya kote paran ap vin pran yo, nan pòt ki adwat batiman an. Paran **DWE** siyen chak fwa yo vin pran yon elèv.

---

**KALANDRIYE LEKÒL EPS**

**Joseph Battin School No. 4**



Nou mande pou ou gide epi sipòte edikasyon pitit ou nan fason w ap asire ou li ale lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj pandan jounen an.  
Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane lekòl 2024-2025, tanpri vizite lyen sa a:

---

**Pre-K:**

[SchoolCalendarWrapAroundProgramfor2024-2025.pdf \(epsnj.org\)](#)

**K-8:**

[School Calendar for 2024-2025.pdf \(epsnj.org\)](#)

---

**ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU PARAN**

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou kolekte, estoke, epi kenbe enfòmasyon ak dosye enpòtan elèv yo. Aplikasyon an bay paran aksè nan enfòmasyon ki gen rapò ak orè elèv la, prezans, nòt, ak pwogrè akademik menm moman yo disponib la; li ofri tou yon fason pratik pou paran ak pwofesè kominike jan sa nesèsè. Se poutèt sa, tout moun rete konekte. Orè pou ane lekòl 2024-2025 k ap vini an ap pare pou ou wè sou PowerSchool apati Jedi 29 Dawou.

ANSYEN AK NOUVO PARAN EPS

Paran nouvo elèv yo dwe mande yon nouvo kont pou yo kapab antre tout enfòmasyon ki nesèsè pou navige Pòtal Paran PowerSchool la. Ansyen paran yo, ap bezwen konekte, antre, epi mete ajou nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak pitit ou.

Si ou gen difikilte teknik pandan w ap cheche jwenn aksè enfòmasyon nan PowerSchool pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou oswa vizite sit entènèt EPS la nan [Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)](#). Lè w rive nan paj la, tanpri klike sou tab "PowerSchool Parent Portal Help". Tanpri, desann epi klike sou lekòl pitit ou a kounye a. Lè sa a, yo pral mande ou ranpli yon fòm kontak sou entènèt. Apre ou fin klike sou bouton « Save and Done » ki anba a, yo pral soumèt demann ou an epi yon moun nan lekòl la pral kontakte ou byen vit.

---

**ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU ELÈV AK PARAN**

**K-8:**

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige PowerSchool Parent Portal, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](#).

**Joseph Battin School No. 4**

---

### **RÈGLEMEN POU INIFÒM**

Objektif kòd abiman EPS la se pou pwomouvwa yon imaj pozitif ak pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt nan ledikasyon se objektif prensipal kòd abiman ansanm ak ankouraje yon anviwònman ki fasilite disiplin ansanm ak ledikasyon. ***Elèv la dwe mete inifòm lekòl la chak jou.***

W ap jwenn règleman sou inifòm lekòl pitit ou sou sit entènèt <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri souple, gade “***Uniform and Dress Code Policies***” epi swiv enstriksyon ki bay. Paran, n ap mande koperasyon ak sipò ou konsènan respè pitit ou dwe genyen pou règleman sou inifòm nan. Elèv ki pa respekte règleman inifòm lekòl la p ap gen dwa antre nan batiman lekòl la nan vandredi 6 septanm oswa nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo Direktè lekòl la si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman inifòm lan.

---

### **APARÈY ELEKTWONIK**

#### **Pre-K:**

Enplemantasyon « iPads » nan klas matènèl bay yon opòtinite pou elèv pi piti nou yo devlope jan yo aprann ak teknik atravè eksperyans ki apwopriye pou devlopman yo. Pandan « iPad » ka sèvi kòm yon zouti pou ede ranfòse ladrès nan domèn lekti, ekriti ak matematik, li kapab tou bay elèv lekòl matènèl opòtinite pou envestige, eksplòre, ak kreye nan anviwònman timoun piti.

Aplikasyon iPad entegre san pwoblèm nan kourikoulòm lekòl matènèl nan lè aktivite anndan klas la. iPad amelyore edikasyon elèv yo pandan li bay yo opòtinite pou rakonte ak kreye pwòp istwa yo, envestige ak eksplòre nouvo kote enteresan ak divès kilti, kaptire aprantisaj yo atravè pòtfolyo elèv yo kreye, epi ranfòse konpetans atravè liv ak aplikasyon pou aprantisaj.

#### **K-8:**

**Pou kèk ane ki sot pase yo, lekòl nou an te fonksyone kòm yon lekòl teknoloji 1:1; epi kòm rezilta, tout elèv yo pral kontinye itilize yon òdinatè pòtab pou ansèyman chak jou nan klas yo.** Elèv yo ta dwe fè tout efò posib pou pran swen laptop yo pandan ane lekòl la, paske se yon privilèj espesyal. Enplemantasyon teknoloji 1:1 nou an ap kontinye asire elèv nou yo rive nan nivo konpetitif ki nesesè pou ankouraje preparasyon pou kolèj ak karyè. Tout elèv dwe vini lekòl chak jou, ak laptop ki chaje, ansanm avèk kòd ki pou chaje laptop la.

### **NOUVO ELÈV**

Tout nouvo elèv nan distri a ap resevwa laptop nan premye semèn lekòl la.

**Joseph Battin School No. 4**

---

**RETE KONEKTE**

Resevwa Rapèl/Mizajou Lekòl yo atravè Mesaj Tèks!

Enskri pou resevwa mesaj ki soti nan lekòl pitit ou ak nan Lekòl Piblik Elizabeth

**ENSTRIKSYON POU NOUVO AK ANSYEN PARAN**

Li trè enpòtan pou nou gen adrès kay ak/oswa nimewo telefòn ki pi ajou pou nou ka kontakte ou nan ka yon ijans oswa pou diskite sou pwogrè pitit ou. Tanpri, asire ou mete ajou enfòmasyon, kontak ou lè ou konekte sou « PowerSchool Parent Portal » la; epi ranpli fòm Enfòmasyon Ijans ou jwenn anba lye Fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan adrès lakay ou /oswa nimewo telefòn ou. Nou espere komunikasyon ouvè ant kay la ak lekòl la paske sa se youn nan kle ki pi enpòtan pou siksè akademik nan lekòl la.

Sistèm Notifikasyon nou an pèmèt manm pèsònèl la kontakte paran yo atravè mesaj elektwonik, tèks, ak mesaj vèbal ki anrejistre sou telefòn lan. Atravè sistèm sa a, paran yo resevwa enfòmasyon ijan rapid sou gwo evènman, oswa dat k ap vini yo. Pou asire sistèm sa a ap kontinye fonksyone nan yon fason trè efikas, li enpòtan anpil pou nou gen enfòmasyon ki ajou, nan dosye chak elèv.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou kenbe kontak ou ajou, tanpri vizite sit entènèt EPS la : <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade nan tab "Rete Konekte" epi swiv enstriksyon yo bay sou fason pou mete enfòmasyon ou ajou sou PowerSchool.

Anplis de sa, tanpri konsidere ofri sèvis volontè pou sipòte Òganizasyon Paran/Pwofesè (PTO) nan lekòl pitit ou. PTO bay anpil opòtinite pou fanmi ki nan kominote lekòl la pou patisipe epi rete konekte. Tanpri, asire ou enskri epi aprann plis sou anpil resous ki disponib pou pitit ou isit la nan Lekòl Piblik Elizabeth yo.

---

**DISTRI/ ENFÒMASYON POU LEKÒL**

Tanpri, asire ou revize epi ranpli anvan premye jou lekòl tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a. Anplis, mete ajou tout enfòmasyon pèsònèl ou regilyèman:

- 
- Fòm Enfòmasyon pou Ijans
  - Avi Konsènan egzamen fizikal
  - Fòm Media Release
  - Fòm Pèmisyon Entènèt ak Rezo Elèv ak Règleman Elizabeth pou Itilizasyon Entènèt
  - Itilizasyon Akseptab Pou Teknoloji – Fòm Elektwonik Aparèy Mobil
  - Fon Koneksyon pou Ijans (ECF)

**Joseph Battin School No. 4**



- Aplikasyon pou manje midi
- 

Pou w ka jwenn aksè nan dokiman obligatwa ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade tab “Fòm ak aplikasyon pou pitit ou” epi swiv enstriksyon yo.

---

#### **RÈGLEMEN SOU VAKSEN**

##### **Pre-K:**

Tanpri, nou vle ou konnen Depatman Sèvis Sante Eta New Jersey chanje plizyè egzijans sou vaksinasyon. Tout timoun ki ale nan sant gadri ak lekòl matènèl ki gen lisans oblije pran vaksen kont grip chak ane.

Tanpri, li nesesè pou ou bay prèv pitit ou resevwa vaksen. Bay li pi vit posib e pa pita pase **20 desanm 2024**. N ap ranvwaye elèv ki pa gen dokiman nesesè apati **2 Janvyè 2025**.

##### **K-8:**

Leta New Jersey rekòmande pou tout timoun ki fèt apre premye Janvyè 1997, ki nan klas 6, **pou resevwa boustè dòz “diphtheria, tetanus and pertussis vaccine (Tdap)” ansanm ak dòz “meningococcal vaccine.”** Pote bay enfimyè lekòl la tout dokiman, papye vaksinasyon ki pwouve pitit ou k ap antre nan klas 6, nan dat ***Vandredi, 6 Septanm, 2024***.

Elèv k ap antre nan Klas 6zyèm ane, ki fèt nan dat oubyen apre ***Vandredi 6 Septanm, 2024*** dwe pote lèt ekri ki soti nan men doktè, pou pwouve elèv la gen randevou pou al pran vaksen yo. Randevou a dwe ekri 2 semèn anvan pitit ou genyen 11 zan. Paran dwe soumèt dokiman vaksinasyon an rapidman apre randevou a. Lalwa oblije Distri Lekòl Piblik Elizabeth pou asire tout elèv resevwa vaksen yo mande yo.

**Timoun ki pa satisfè egzijans vaksen oswa ki pa gen dokiman pou yon randevou vaksen nan 2 semèn apre yo fin gen 11 zan pap kapab rete lekòl la. Lekòl la ap voye yo tounen lakay yo kòmanse premye jou lekòl la.**

---

#### **TRANSPÒTASYON**

Men ki elèv ki kalifye pou jwenn transpòtasyon:

- Elèv elemanèl ki abite plis pase 2.0 mil de lekòl yo
  - Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 2.5 mil de lekòl yo
  - Elèv ki gen IEP ki gen sèvis transpò
- 

#### **Joseph Battin School No. 4**



### **FOUNITI LEKÒL**

**Pwofesè ap fè paran/gadyen/elèv konnen materyèl y ap bezwen nan premye jou lekòl la.**

**Elèv nan Klas 6-8, tanpri gade lis materyèl ane lekòl 2024-2025 ki nan lèt la.**

---

### **RETOUNEN LEKÒL ASWÈ**

**N ap tann pou nou rankontre paran/gadyen nan Sware Retounen Lekòl la, nan jou  
Madi 17 Septanm, 2024 apati 5:30 p.m.**

---

Nou espere nou tout pral kontinye jwi rèss Ete a. Ann kontinye ak misyon nou pataje ansanm pou nou reyafime ekite, retabli atant, ak reprann ekselans! Nou espere kòmanse yon lòt vwayaj ansanm *Vandredi 6 Septanm*.

Sensèman,

*Jerika Fernandez*

Direktris

Joseph Battin School No. 4

[fernandezjer@epsnj.org](mailto:fernandezjer@epsnj.org) | 908-436-6292

---

**Joseph Battin School No. 4**